



## Aksè nan Lang Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

---

### Kisa Aksè nan Lang Ye?

Selon Iwa New Jersey sou aksè nan lang lan, ajans Eta a bezwen ede moun ki pa gen metriz nan Anglè yo pou jwenn aksè nan pwogram ak sèvis gouvènman yo. Gouvènman an dwe tradwi sèten dokiman konsènan pwogram sa yo nan lang yo plis pale nan New Jersey yo.

### Poukisa Aksè nan Lang enpòtan?

Baryè nan lang souvan anpeche moun jwenn aksè nan sèvis ki enpòtan yo, ki gen ladan sèvis ke gouvènman an bay yo. Selon dènye Resansman an, prèske 40% rezidan New Jersey ki fèt aletranje yo pale epi li Anglè “mwens pase trè byen.” Nan New Jersey, lang ki plis kouran ke rezidan ki gen metriz limite nan Anglè yo pale yo epi li yo se Espanyòl, Chinwa, Koreyen, Pòtigè, Gujarati, Kreyòl Ayisyen, ak Arab.

### Ki sèvis ke Divizyon New Jersey sou Dwa Sivil la (DCR) bay?

DCR se ajans eta ki gen responsabilite pou aplike Iwa New Jersey kont diskriminasyon yo: Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD), Lwa sou Egalite Chans nan Lojman, ak Lwa New Jersey sou Konje Familyal. DCR travay pou anpeche, elimine, ak lite kont diskriminasyon ak sèlman ki baze sou kategori pwoteje yon moun (ki gen ladan ras, orijin nasional, zansèt, nasionalite, reliyion, andikap, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak plis toujou) nan lojman, anplwa, ak lye ki louvri pou publik. Sou sitwèb DCR a, [njcivilrights.gov](http://njcivilrights.gov), nan onglè “[Resous](#)” la, ou ka jwenn fich enfòmasyon detaye yo ki eksplike dwa ak pwoteksyon sa yo nan 14 lang.

Ou ka mande pou depoze yon plent sou pòtay [NJBIAIS](#) la, ki twouve I nan [bias.njcivilrights.gov](http://bias.njcivilrights.gov), si ou panse yo te vyole dwa sivil ou yo. Ou kapab anmezi pou resevwa konpansasyon ak lòt fòm reparasyon, si DCR dekouvri yon vyolasyon dwa sivil ou yo.

### Nan NJBIAIS, nan ki fason DCR ofri sèvis entèpretasyon ak tradiksyon?

Pòtay plent nou an, NJBIAIS, disponib kounye a an Espanyòl. DCR genyen anplwaye bileng ki pale Espanyòl tou ki prè epi ki kapab ede moun k ap depoze yon plent pou dwa sivil.

DCR ap fè sistèm NJBIAIS la vin miltileng. Pandan moman sa a, nenpòt moun k ap chèche depoze yon plent oswa k ap reponn youn ka mande yon entèprèt pandan I ap voye yon imel bay [LanguageHelp@njcivilrights.gov](mailto:LanguageHelp@njcivilrights.gov) an Anglè oswa nan lang matènèl yo a. Senpleman ekri:

*I want to file (or respond to) a civil rights complaint.*

*I need an interpreter in \_\_\_\_\_ (write your language).*

*My e-mail is: \_\_\_\_\_*

*My phone number is: \_\_\_\_\_."*

*Mwen vle depoze (oswa reponn) yon plent pou dwa sivil.*

*Mwen bezwen yon entèprèt nan\_\_\_\_\_ (ekri lang ou an).*

*Imel mwen se: \_\_\_\_\_*

*Nimewo telefòn mwen se: \_\_\_\_\_."*

Si ou kapab, tanpri bay lòt enfòmasyon anplis pou anplwaye DCR yo kapab konnen fason pou ede w.

Pa egzanp:

*Mwen avèg epi mwen bezwen asistans pou ranpli yon Fòmilè Admisyon nan lang Pòtigè.*

*Mwen pale Koreyen. Mwen vle depoze yon plent.*

*Mwen genyen yon plent kont yon moun. Mwen vle yon entèprèt Espanyòl.*

Anplwaye DCR a pral reponn demann asistans pou entèpretasyon yo nan lespas 72 èdtan.

### **Èske DCR bay sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis epi konfidansyèl?**

Wi, anplwaye DCR yo fè aranjman pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pwofesyonèl gratis pou bay komunikasyon ki klè epi efikas pandan tout pwoesisis plent lan. Pa genyen okenn frè pou depoze yon plent oswa pou asistans lang. Entèprèt ak tradiktè pwofesyonèl yo konprann ke tout enfòmasyon ki pataje yo se enfòmasyon konfidansyèl.

### **Èske DCR pral ede m si m pa yon sitwayen Etazini?**

Wi. Sèvis DCR yo disponib pou tout moun. Nou pa mande enfòmasyon sou sitwayènte oswa estati legal ni nou pa pataje enfòmasyon prive ak gouvènman federal la.

### **Èske Lwa NJ Kont Diskriminasyon an (LAD) pwoteje imigran ak lòt moun yo, ke yo kapab sible akoz orijin nasyonal reyèl yo oswa orijin nasyonal yo remake?**

Yon founisè lojman, yon anplwayè, oswa nenpòt lye ki louvri pou publik la (ki gen ladan sant medikal, lekòl, komisarya lapolis, elatriye) pa kapab fè diskriminasyon oswa asèlman kont moun akoz ras yo, peyi orijin, zansèt, nasyonalite, reliyon, andikap, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak lòt kategori pwoteje ki endike nan LAD a. Aprann plis konsènan pwoteksyon ke lwa a ofri yo pandan w ap vizite [sitwèb](#).

### **Ki jan DRC ka ede m si m fè fas ak zak reprezay aprè m fin depoze yon plent sou dwa sivil?**

LAD a entèdi zak reprezay kont yon moun paske li te depoze yon plent sou diskriminasyon oswa asèlman. Pa egzanp, yon responsab pa ka revoke yon moun paske li deklare diskriminasyon akoz peyi orijin bay anplwayè li a, epi yon founisè lojman pa ka mete yon moun deyò nan yon kay paske li te deklare diskriminasyon nan lojman bay DRC a. Tanpri enfòme DRC touswit si ou gen enpresyon ke yo te fè zak reprezay sou ou paske ou denonse yon diskriminasyon oswa paske w te depoze yon plent bay DCR a.